

Ajans Zòn nan Pou Moun Aje: _____

**PWOGRAM SÈVIS AGRANDI NAN KAY POU MOUN AJE AK PWOGRAM SÈVIS
NAN KAY KOMINOTE POU MOUN AJE**

**DWA POU ALE NAN YON ODYANS, KONFERANS POU JWENN YON ANTANT, AK
EVALYASYON**

Anba **Pwogram Sèvis Agrandi nan Kay pou Moun Aje a (Expanded In-Home Services for the Elderly Program, (EISEP)** epi, si w ap resevwa sèvis jesyon dosye, sèvis relèv ki pa nan yon sant, oswa sèvis lakay ou nan Pwogram Sèvis nan Kominote pou Moun Aje a (**Community Service for the Elderly Program, CSE**), ou gen dwa sa yo lè w ap konteste yon detèminasyon Ajans Zòn nan te fè:

1. Ajans Zòn nan dwe ba ou yon opòtinite pou ale nan yon odyans pou konteste desizyon Ajans Zòn nan nan sikonstans sa yo:
 - a. Yo refize ba ou sèvis EISEP paske Ajans Zòn nan detèminan poutèt fonksyonman ou, ou pa kalifye pou EISEP (malgre ou kalifye poutèt fonksyonman, Ajans Zòn nan ka refize ba ou sèvis paske manke resous pou pwogram nan);
 - b. Ou pa dakò ak montan kotizasyon ou Ajans Zòn nan te evalye a; oswa
 - c. Yo retire ou nan pwogram EISEP a kont volonte ou pou rezon sa yo:
 - i. Ou pa te peye montan kotizasyon ou yo jan yo egzije sa nan 9 NYCRR § 6654.6;
 - ii. Ou pa kolabore ak kondisyon EISEP yo, tankou pou refize pase yon evalyasyon, ou pa dakò ak yon plan swen, ou pa kite kowòdonatè dosye oswa lòt manm pèsònèl anba direksyon kowòdonatè dosye a vizite lakay ou, oswa ou pa dakò pou valide enfòmasyon sou revni ou si yo mande pou w fè sa pou detèmine si ou kalifye pou Medicaid oswa pou peye yon kotizasyon; oswa
 - iii. Ou pa ta sipoze bezwen sèvis nan katrevendis (90) jou k ap vini yo.
2. Ou ka mande Ajans Zòn nan yon odyans aloral oswa alekri nan yon delè trant (30) jou apre ou resevwa avi konsènan aksyon ou pa dakò ak li a.
3. Ajans Zòn nan dwe fè odyans an epi bay yon desizyon nan yon delè swasant (60) jou apre dat Ajans Zòn nan resevwa demann ou pou yon odyans.

Si yo mande yon ranvwa oswa si gen yon reta nan odyans lan pou lòt rezon ki pa fot Ajans Zòn nan, yo ka pwolonje limit swasant (60) jou a pou kantite tan ranvwa oswa reta a. Si gen yon Konferans pou Jwenn yon Antant, y ap pwolonje limit swasant (60) jou a pou kantite tan li pran pou pwogram ak fè Konferans pou Jwenn Antant la.

4. Amwenske ou dakò pou yon peryòd notifikasyon ki pi kout, Ajans Zòn nan ap fè w konnen lè, dat ak kote odyans EISEP a ap fèt omwen katòz (14) jou avan dat odyans la.
5. Ou ka kontakte Ajans Zòn nan pou mande pou yo ranvwaye odyans lan. Ou dwe fè yon demann pou ranvwa pa pi ta pase senk (5) jou travay avan dat yo pwogram odyans la.
6. Ou gen dwa pou gen yon reprezantan ki pa fè pati ajans la ou chwazi ede ou rezoud plent yo, san pa gen moun ki mele nan sa, ba ou presyon, fè diskriminasyon, oswa fè vanjans kont ou.
7. Ajans la Zòn dwe asire moun yo jwenn bonjan aksè nan Odyans EISEP yo, tankou moun ki gen andikap oswa ki pa pale angle byen yo. Si ou bezwen akomodasyon tankou sèvis bileng, entèprèt lang siy, oswa èd pou w deplase pou odyans ou a, ou ka rele Ajans Zòn nan pou mande sèvis sa yo.

Odyans la

1. Odyans EISEP la ka gen on sèl moun oswa plizyè moun Ajans Zòn nan nome pou dirije li. Ofisye Odyans la dwe konpetan pou konprann pwosedi yo, li pa dwe enplike nan pwoblèm w ap konteste a, epi li pa dwe gen okenn konfli denterè ki ka afekte oswa sanble li te ka afekte kapasite li pou pran yon desizyon san patipri.
2. Toude bò yo pral jwenn yon opòtinite pou prezante ka yo, tankou prezante prèv, depi prèv yo gen rapò ak desizyon y ap konteste a.
3. Yo dwe mete tout dokiman oswa dosye apwopriye yo disponib pou ou oswa reprezantan ou nonmen an.
4. Men ki estanda yo pral swiv nan odyans EISEP yo:
 - a. Y ap pran desizyon konsènan detèminasyon ki di moun nan pa kalifye a selon kritè kalifikasyon EISEP yo jwenn nan 9 NYCRR § 6654.15.

- b. Y ap pran desizyon konsènan montan pou pataje nan depans yo Ajans Zòn nan te evalye a selon gid pou Pataje Depans EISEP ki nan 9 NYCRR § 6654.6.
- c. Desizyon yop ran konsènan moun yo retire nan pwogram nan kont volonte yo dwe repsekte tout lwa ak regleman federal ak New York State ansanm ak Enstriksyon Pwogram New York State Office for the Aging (NYSOFA) yo.

Dwa ou ale nan yon Konferans pou Jwenn yon Antant

1. Nenpòt kilè avan yo fè yon konklizyon pou odyans EISEP a, ou gen dwa pou regle kontestasyon an nan yon Konferans pou Jwenn yon Antant ki pi enfòmèl.
2. Menmsi ou patisipe nan yon Konferans pou Jwenn yon Antant sa pa afekte dwa ou pou ale nan yon odyans.
3. Si nou jwenn yon rezolisyon nan yon Konferans pou Jwenn yon Antant kote yon odyans pa nesesè, kliyan an ak Ajans Zòn nan ap siyen yon Akò, epi y ap pwouve sa ak siyati yo toude ladan.

Revize pa New York State Office for the Aging

NYSOFA ofri nenpòt benefisyè oswa aplikan EISEP ki konteste detèminasyon yon jans zòn nan ki di li pa kalifye oswa ki monte depans li gen pou pataje a yon chans pou yo decide ak pran yon desizyon sou odyans ajans zòn nan.

1. Si ou vle pou NYSOFA revize yon odyans EISEP, ou dwe depoze yon demann alekri bay NYSOFA nan yon delè 30 jou apre ou resevwa avi konsènan desizyon Ajans Zòn nan epi ou dwe mete non ou ak non Ajans Zòn ki enplike a. Ou dwe voye demann pou yon revizyon bay:

New York State Office for the Aging
Office of General Counsel
2 Empire State Plaza, 5th Floor
Albany, New York 12223

2. NYSOFA ap fè revizyon li nan yon delè 60 jou apre li resevwa demann pou yon revizyon.

3. NYSOFA ka fè yon odyans si li twouve sa nesesè. Si NYSOFA fè yon odyans, li dwe fè odyans lan epi bay yon desizyon nan yon delè 60 jou apre li resevwa demann pou revizyon an.
4. NYSOFA ka anile pwosedi odyans oswa revizyon yo si nenpòt ki moman yo rezoud pwoblèm ki te gen dezakò a ak yon akò negosye biwo a apwouve.
5. NYSOFA konfòme li ak 9 NYCRR § 6651,3 ak State Administrative Procedure Act.

Mande yon Odyans oswa Konferans pou Jwenn yon Antant

Pou mande yon Odyans oswa Konferans pou Jwenn yon Antant, ou ka rele Ajans Zòn nan nan (_____) _____ - _____, oswa ou ka voye yon demann alekri kote ki anba la:

{AGENCY NAME}

{AGENCY NAME 2}

{ADDRESS}

{ADDRESS}